

DEKRÈ EGZEKITIF

**DEKLARASYON IJANS POUTÈT KATASTWÒF NAN ETA NEW YORK**

**KONSIDERE KE**, dapre seksyon 362 ak 365 Lwa Sèvis Sante Piblik (42 U.S.C §§ 362 ak 365, ak règleman aplikasyon nan 42 C.F.R. § 71.40, nan 2 out 2021, Direktè Sant Kontwòl Maladi Etazini (Center for Disease Control, CDC) te pibliye yon *Re-evalyasyon Sante Piblik ak Òdonans pou Sispann Dwa pou Entegre Sèten Moun ki soti nan Peyi Kote Yon Maladi Kontajye ki Sijè a Karantèn Egziste* ("Òdonans Tit 42 la");

**KONSIDERE KE**, Òdonans Tit 42 a entèdi migrasyon "etranje ki kouvri" nan peyi Etazini ki vwayaje soti Kanada oswa Meksik (kèlkeswa peyi orijin yo) ke, yon lòt fason, t ap entegre nan yon anviwònman kolektif nan yon pò antre oswa nan yon estasyon Patwouy Fwontye Etazini nan oswa toupre peyi Etazini ak fwontye kotyè adjasan yo;

**KONSIDERE KE**, menm avèk Òdonans Tit 42 a an vigè, yon gwo kantite imigran ki gen bezwen lojman ak sèvis imedya te rive nan Vil la ak Eta New York pandan premye mwa yo nan ane a: apati mwa me, Vil New York, poukont li te bay lojman tanporè pou 36,738 imigran ki soti nan fwontye sid la, yon kantite ki te ogmante pa 12,279 moun depi janvyè 2023; ak yon lòt 1,578 moun nan sèlman yon semèn.

**KONSIDERE KE**, depi lè ekspirasyon Òdonans Tit 42 a nan dat 11 me 2023, plizyè milye lòt moun te chècheabri nan New York, ki gen ladan plis pase mil moun chak semèn ki sot pase yo nan Vil New York sèlman;

**KONSIDERE KE**, sipò federal enpòtan anpil pou sipòte Vil New York ak lòt gouvènman lokal nan Eta a ki manke enfrastrikti, enstalasyon, ak resous ki nesèsè pou satisfè demann imanité imedyat pou loje ak satisfè lòt bezwen debaz arive gwo kantite imigran; epi

**KONSIDERE KE**, arive plis kantite imigran k ap chècheabri nan Vil la ak Eta New York yo prevwa agrave yon kriz imanité ki deja a gwo echèl epi kreye yon ijans katastwòf kote gouvènman lokal yo pa kapab byen reponn, sa ki kreye yon menas pou sante ak sekirite, ki ka lakòz pèt lavi oswa pwopriyete; epi

**KIDONK KOUNYE A, MWEN MENM, KATHY HOCHUL**, Gouvènè Eta New York, konfòmeman ak otorite Konstitisyon Eta New York la ak Seksyon 28 Atik 2-B Lwa Egzekitif la te konfye mwen, avèk dokiman sa a, mwen pwolonje Eta Dijans akoz katastwòf jan sa tabli nan Dekrè Egzekitif Nimewo 28 lan ak siksesè li yo, epi mwen kontinye kenbe anvigè tèm, kondisyon, ak sispannyon yo ki nan Dekrè Egzekitif Nimewo 28 la ak siksesè li yo, jiska 24 septanm 2023.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil Albany, nan  
vennsenkyèm jou mwa out nan ane de mil  
venntwa.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a